X

Зияродинова НР
Директор

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**

**МКОУ «ЛЕНИНАУЛЬСКАЯ СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА №2 ИМЕНИ ГЕРОЯ РФ ЮРИЯ САЛИМХАНОВА»**

**СелоЛенинаулКазбековского района РД**

368155 Казбековский район, с. Ленинаул, e-mail – leninaul2school@mail.ru, сайт школы - https://s2lnn.siteobr.ru/

| **СОГЛАСОВАНО** | **УТВЕРЖДАЮ** |
|---|---|
| Зам. директора по УР<br>Шамирзаева П.М.___________________<br><br>«____» _______________________2023г | Директор<br>ЗияродиноваН.Р._________________<br><br>«____» ____________________2023 г. |

# Рабочая программа

**по родной литературе**

**для 11 класса**

**на 2023-2024 учебный год**

**Саламирзаева Заира Хизриевна.**

## Программаялъе баян

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.

Адабияталъул курсалда хасаб бак1 ккола Ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалъулго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.

Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе.

V-IX классазе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босула байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб хьалбихьи ва гьениб лъураб кьуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.

V-IX классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

Школалда малъизе т1аса рищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе мустах1икъал асарал.

Программаялда мух1канго ч1езарун руго щибаб классалда лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал. Асаразул анализ гьабулелъул, ц1алдохъабаз теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе ккола.

Раг1а-ракьанде щун, адабияб лъай кьеялъул масъала т1убан бажаруларо, г1ат1идаб къаг1идаялъ класстун къват1исеб ц1али г1уц1ич1ого. Т1убазе ккола гьелъул программаги. Муг1алимасда т1адаб буго ц1алдохъабазе ц1ализе кьезе цох1о рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъал , критиказ рецщарал ц1иял асаралги.

| № | Темаби | Саг1ат | 11 класс<br>По плану | По факту | Примечание |
|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **ГIабдула МухIамадов «Хурухъанасе насихIат».** | 1 | | | |
| **2.** | **МухIидин Чаринов «ХIабибат ва ХIажияв»** | 1 | | | |
| **3.** | **МухIамад Хуршилов «Сулахъалъ нугIлъи гьабула»** | 1 | | | |
| **4.** | **Ражаб Дин-МухIамаев «Хъабчилъ бахIарзал»** | 1 | | | |
| **5.** | **Сулейман Стальский «Эркенлъи», «Муллабазде»** | 1 | | | |
| **6.** | **«Бечедал чиновникал», «Нилъер къуват».** | 1 | | | |
| **7.** | **ЦIадаса ХIамзат «ГIисинил гьвел кечI»** | 1 | | | |
| **8.** | **«Советазде щал рищизе кколел?» «ХIамабагьадурлъи».** | 1 | | | |
| **9.** | **«МагIарул росабазде дандеккун Москваялъул гIунгутIаби».** | 1 | | | |
| **10.** | **Калам цебетIезаби** | 1 | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | **Сочинение «ГIагараб ракьалде свин гьечIеб рокьи».** | | | | |
| **11.** | **Заид ХIажиев «Тушманасе хвел». «Маххул къебелъухъ».** | 1 | | | |
| **12.** | **«ХъахIилаб экран».** | 1 | | | |
| **13.** | **Класстун къватIисеб цIали.** | 1 | | | |
| **14.** | **ГIазиз Иминагъаев «Бергьенлъи нилъехъ букIина».** | 1 | | | |
| **15.** | **АбутIалиб Гъапуров «Баси», «Дида бичIчIана», «ДугIа».** | 1 | | | |
| **16.** | **«ГIакъилал рагIаби», «Катил хеж».** | 1 | | | |
| **17.** | **Абумуслим Жафаров «ЧIагоял рукъуларо»** | 1 | | | |
| **18.** | **«Куркьбал ругеб хъачагъ».** | 1 | | | |
| **19.** | **1946-1990 соназда Дагъистаналъул миллияб адабият. (обзор)** | 1 | | | |
| **20.** | **Расул ХIамзатов «Хъулбузул хIакъалъулъ» «Гьудулзаби цIуне».** | 1 | | | |
| **21.** | **«Дихъе рокьи бачIана», «Дун дандечIвазе ккола чIужугIадангун къаси».** | 1 | | | |
| **22.** | **«Инсулгун гара-чIвари».** | 1 | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 23. | **АхIмадхан Абубукар «ХъахIаб сайгак».** | 1 | | | |
| 24. | **«ХъахIаб сайгак».** | 1 | | | |
| 25. | **Класстун къватIисеб цIали. Р.ХIамзатов «МагIарулай».** | 1 | | | |
| 26. | **Муса МухIамадов «Бакъдасел», «МагIарухъе сапар».** | 1 | | | |
| 27. | **«ЧIегIераб гамачI»** | 1 | | | |
| 28. | **Аткъай Аджаматов «РитIучил лълъурдул»** | 1 | | | |
| 29. | **Фазу ГIалиева «Кьолбол мугьру».** | 1 | | | |
| 30. | **«Кьолбол мугьру».** | 1 | | | |
| 31. | **«Кьолбол мугьру».** | 1 | | | |
| 32. | **Калам цебетIезаби Сочинение «Цебеги гьанжеги магIарулалъул къисмат».** | 1 | | | |
| 33. | **МутIалиб Митаров «Чагуралъул къиса».** | 1 | | | |
| 34. | **Хизгил Авшалумов «Вас».** | 1 | | | |

## ЦIалдохъабазда лъазе кола:

- Дагъ. Литератураязда жаниб 19 гIасруялда ккарал лъугьа-бахъиназул хаслъи батизе ва бицине;

- Поэтазул асаразул хаслъи.

- ГӀурус литератураялда малъарал литературияб теориялъйл баяназдаса пайда босизе;

- РекӀехъе лъазаризе рихьизарулал асарал.

## ЦӀалдохъабазухъан бажаризе кола:

1) - хъвадарухъанас рихьизарулел лъугьа-бахъиназул сурат цебечӀезабизе;

- художествияб хаслъиги хӀисабалде босун, малъараб асаралъул анализ гьабизе;

- хабариял, лирикиял, драмалъул асарал ратӀа рахъизе;

- асаралъул гӀуцӀи, лъугьа-бахъиназул идея ва художествияб хаслъи рагӀизе гьезул бугеб кӀвар батизе;

- асаралъул герояздехун, гьенир кколел лъугь-бахъиназдехун авторасул бербалагьи батизе;

- малъарал асаралги кьочӀое росун, авторасул творчествоялъулги гьесул рухӀияб дунялалъулги хурхен чӀезабизе;

- цӀалараб асаралъе жинца кьолеб къимат кьучӀаблъун гьарулел хӀужжаби рачине;

2) – художествияб асар пасихӀго цӀализе;

- жиндир кӀалзулаб ва хъвавулаб кӀалъаялъе план гӀуцӀизе;

- батӀи-батӀиял ьайпабазул сочинение данде гьабизе (бицунги хъванги)

- захӀматалъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе жидерго хӀалтӀул хӀалбихьиялъул кьучӀалда;

- учителасул лекциялъул, литературияб критикаялъул, ричӀчӀизе бигьаял гӀелмиял макъалабазул къокъаб хӀасил хъвазе;

- цо яги кӀиго, лъабго асарала тӀасан доклад хӀадуризе;

- жинцаго цӀалараб тӀехьалде, бихьараб киноялде, спектаклялъе, выставкаялъе къимат кьун хъвазе.